

Mata Pelajaran : BAHASA SUNDANESE
Waktu : 90 Menit
Kelas : VIII

Nama :
No. Peserta :
Hari / Tanggal :

PETUNJUK UMUM:

Berlah tanda silan (x) pada salah satu huruf a, b, c, atau d pada jawaban yang paling tepat!

- I. Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat !

GUGURITAN ASMARANDANA
SUMANGET KA SAKOLA
batur sing sumanget ka sakola
Nyuprih èlmu pangarti
Nyiар pangabisa
Sangkan jadi jelema
Anu èlmuna masagi
Sagala bisa
Jadi jalma berbudi
Sakola teh kudu jadi nu utama
Jadi nu nomer hiji
Elmu bekel urang
Pikeun hirup di dunya
Ngalemeskeun akal budi
Akhlak nu mulya
Eta nu utami

Omat ulah kabawa sakaba-kaba
Milih sobat taliti
Ulah lalaora
Sabab bisi cilaka
Mawa rugi kana diri
Buntu sakola
Lain sobat sajati
Lamun urang jadi jalma
perceka
Tangtu percaya diri
Noal kokompodan
Bisa meta keun akal
Salamet lahir jeung batin
Kolot ge bungah
Boga anak anu nagbakti

1. Urutan guru lagu jeun guru wilangan dina guguritan di luhur nyaeta....
 - a. 12a, 7i, 6a, 7a, 8i, 5a, 7i
 - b. 10a, 7i, 6a, 7a, 8i, 5a, 6i
 - c. 12a, 7i, 6a, 8a, 7i, 5a, 7i
 - d. 12a, 7i, 6a, 7a, 8i, 5a, 6i
 2. Jumlah pada dina guguritan di luhur nyaeta....
 - a. 1 pada
 - b. 2 pada
 - c. 3 pada
 - d. 4 pada
 3. Sempalan guguritan “sumanget ka sakola” teh ngagunakn pupuh....
 - a. Balakbak
 - b. Durma
 - c. Kinanti
 - d. Asmarandana
 4. Tema guguritan di luhur nyaeta....
 - a. Jadi anak nu ngabakti ka kolot
 - b. Sumanget ka sakola nyiar elmu
 - c. Campur gaul jeung meunang lalawora
 - d. Miboga akhlak budi anu mulya
 5. Eusi pada ka opat dina pikeun guguritan “sumanget ka sakola” di luhur nyaeta...
 - a. Ngajak sangkan sumanget ka sakola
 - b. Mepeling sangkan urang ulah ka bawa kana kalakuan anu teu puguh
 - c. Lamun urang jadi jalma percea tangtu bakal percaya diri dina sagala rupa pasualan
 - d. Elmu teh pikeun bekel urang salila hirup di dunya
 6. Dina pada ka tilu guguritan diluhur aya kalimah “omat ulah kabawa sakaba kaba”, kalimah eta teh ngandung arti.....
 - a. ulah nurutkeun kalakuan babaturan
 - b. kade ulah nyontoan teu bener ka batur
 - c. kade ulah kabawakeun teu puguh lampah
 - d. ngajaga lampah urang kudu bener salawasna

7. "Lamun urarig jadi jalma perceka" harti kecap nu di garis nyaeta....

- a. daekan dina sagala hal
- b. teu mampupu ngalakukeun nanaon
- c. bodo dina pangaweruh
- d. pinter/ahli sagâla bisa dina pagawéan

8. U.pama nilik kana wanguanna, guguritan iéh kaasup kana

Itu kusir bangun ambek-ambek teuing
Turun tina delman
Kuda dipecutan tarik
Teu aya pisan ras-rasan
Teu ngaraskeun bong kena ka sato laip
Padahal mogokna
Lantaran geus cape teuing
Hayang ngaso eureun heula

- a. Puisi
- b. Prosa .
- c. ésey
- d. drama

9. Pupuh maskumambang di luhur miboga watek

- a. senang, gumbira, gahar
- b. napsu, pasta. perang, gelut
- c. sasambat, ceurik, nalangsa
- d. bingung, samar polah

10. Pupuh anu rniboga karakter "ngadago, aya nu diarep-arep, prihatin," nyaétn

- a. kinanti
- b. dangdanggula
- c. asmarandana
- d. Durma

11. Nu kaasup pancén panata acara nyaéta,,,.

- a. nepikeun biantara di hareupeu'n jalma réa
- b. ngatur acara sangkan acara lumangsung saluyu jeung jadwal
- c. mintonkeun pagelaran anu narik kana ati
- d. maca keut pidato jcung susunan acara

12. · Sora kudu bendas jeung bentes

- Dangdan sataker bebek
- Miboga kamampuh ngaréka basa pikeun pangirut
- miboga kamampuhan nu jembar ngeunaan materi acara anti ditepikeun
- mawa karep sorangan tur loba improvisasi na

iji acara!
d. 3,4,d

13.

- ngasongkeun rumusan hasil gempungan, atawa rapat
- panutup,biasana sok langsung ku panata acara
- tanya jawab
- bubuka, biasana sok langsung ku panata acara
- **biantara peko (utama) pikeun ngadadarkeun**
pasoalan

Susunan anu merenah pikeun acara gempungan nyaeta....

- a. 2-3- I -5-4
- b. 4-3- 1-5-2
- c. 4-5-3-4-2
- d, 4-5-2- 1-3

14. Ibu / bapa miwah saderek siswa siswi MTs N 1 Parigi anu ku sim kuring dipihormat, runtulan acara parantos dilaksanakeun. Mugi-mugi ieu acara teh aya mangpaatna. Rupina ieu acara teh urang pungkas wae. Sim kuring nyuhunkeun hapunten kangge sadaya kalepatan.
Haturnuhun kana perhatosanana.

Sempalan nu ditepikeun ku panata acara di luhur teh ayana dina bagian,,

- a. ngahaturanen pamilon
- c. nganuhunkeun kapesisi acara

b. bubuka kana acara

d. nutup runtuyan acara

15. "Dipi pamaksadan urang ayeuna ngariung teh nyaeta bade ngabadantenkeun perkawis kegiatan siswa disakola urang dina mayunan mieling proklamasi. Sakumaha nu kauninga, ayeuna parantos nincak sasih juli.janten kana program urang teh kantun sasasih dei. Tangtos wae urang kedah ngawitan tatahar ti ayeuna keneh, nya jalaran kitu OSIS ngulem sakumna pangurus sareng utusan kelas. Janten acara rapat dinten iyeu bade nyawalakeun rerencang kegiatan anu bade dilaksanakeun".

Anu ditepikeun ku panumbu catur dina sempalan omongan diluhur nyaeta....

- a. Nanya ka ketia OSIS naon nu kudu dilakukan pikeun nyieun rarancang acara
- b. Nepikn naon maksudna diayakeun rapat eta
- c. Ngajak ka ketua OSIS jeung utusan kelas pikeun rapat
- d. Mere waktu ka sakumna pangurus jeung utusan kelas pikeun badami

Pikeun Soal 16-19

- 1) Urang sadayana nembe parantos sami-sami ngupingkeun adu manis na soanten rampak sekar gabungan siswa kelas tujuh dina kawih "tanah sunda jeun "lemah cai" . mugi mugi janten pangjurung laku kangourag sadayana enggongin mikacinta ka lemah cai"
- 2) hadirin, urag kawitan bae ku ngaoskn ayat suci al-quran, anu bade digalindengkeun ku saderek Neneg, mangga dihaturanan.
- 3) haturuhun ka saderek Neneng parantos ngaoskeun ayat suci al-quran mugia barokah ngocor ka urang sadaya
- 4) Hatur nuhun ka pihak anu parantos ngarojong kana iyeu acara. Hapunten anu parantos ngabarubahkeun sumangga urang pungkas wae iyeu acara ku sami- sami ngucapkeun alhamdulillah.

16. Teks anu diucapkeun ku pamandu acara anu eusina "ngahaturan", nyaeta

- a. 1
- b. 2
- c. 3
- d. 4

17. Teks anu diucapkeun ku pamandu acara anu eusina "nganuhunkeun" nyaéta.....

- a. 1
- b. 2
- c. 3
- d. 4

18. Teks anu diucapkeun ku pamandu acara anu eusina "mére koméntar ka pamilon", nyaéta...

- a. 1
- b. 2
- c. 3
- d. 4

19. Teks anu diucapkeun ku pamandu acara anu eusina "mungkas acara". nyaeta....

- a. 1
- b. 2
- c. 3
- d. 4

20. Runtuyan acara ditutup ku.....

- a. Pintonan kesenian
- b. Balakecrakan
- c. Do'a
- d. Sasalaman

Ngadéngé jawaban kitu mah, angger baé lebeng. Poékeun. Nya kapaksa baé, keur saheulaanan mah, dijawab ku sorangan. Dumasar kana sawatara kajadian harénghéng di lembur.

Bisa jadi, pangna Pa Lebé saparakanca ngajak miang téh, lantaran kaayaan lembur geus henteu pikabetaheun deui. Paceklik nu panjang. Kurang dahareun. Pagebug. Loba kasakit. Taneuh nu angar. Matak rungsing jeung henteu tingtrim. Enya ari nincungna mah, napel kénéh dina angen-angen. Tapi naon anu karasa ku kuring, moal bina jeung maranéhna. Miang ti lembur pikeun nytingkahan reregé. Ngan anu matak héran téh, boh Pa Lebé, boh nu séjénna, kawas nu mentingkeun sorangan. Naha ari anak pamajikan henteu dibawa, diculjeunkeun kitu baé? Saha nu ngurusna?

Kituna mah, aya alesan maranéhna indit ninggalkeun lembur ogé. Alesan anu ku kuring karasa jeung karampa. Méh kabéh anu ayeuna keur nangtung dina dék kapal, papada boga bangbaluh hirup. Ninggalkeun pasualan di ditu, di lembur. Pasualan anu nepi ka maranéhna miang ogé, biheung geus réngsé.

Kuring leumpang lalaunan. Mapay-mapay jajaran jelema-jelema anu keur narangtung nyawang jaladri. Kuring neuteup Pa Érté. Dina panon Pa Érté katara aya nu ngembeng. Boa manéhna keur ingeteun ka pamajikanana, da basa ditinggalkeun téh keur meujeuhna bureuyeung. Atawa inget ka anak anu keur meujeuhna kembang buruan. Kuring apal pisan, hirup Pa Érté ti baheula ogé henteu manggih kamarasan. Imahna nu nenggang di tungtung lembur, nu geus déngdék ka kénéca alatan dihakan umur. Cék béja, ti barang rumah tangga Pa Érté hayang ngoméan éta imah téh. Keun bae panggung ogé, weweg-weweg atuh. Tapi tepi ka ayeuna ogé angger baé. Henteu robah, henteu kaganti golodog-golodogna acan. Kalah ka pamajikanana ririwit. Mindeng gering jeung kurang kasabaran, péda hirup Pa Érté taya menyatna.

21. Tema nu merenah pikeun sempalan cerpon diluhur nyaeta....

- a. Satia jelema boga bangbaluh hirup
 - b. Kaayaan lembur anu geus teu pikabetaheun
 - c. Pangalaman hirup
 - d. Ninggalkeun lembur
22. Amanat anu dikandung dina sempalan carpon diluhur nyaeta....
- a. pak Erte hayang ngomean imahna c. Urang kudu bisa nyanghareupan masalah hirup
 - b. kudu mentingkeun kepentingan sorangan d. Masalah kudu disingkahkeun
23. palaku utama dina carpon diluhur nyaeta.....
- a. pak erte b. Pak lebe c. Kuring d. Pamajikan pak erte
24. kaayaan pak erte dina carpon diluhur nyaeta....
- a sompong b. Sabar c. Pikarunyaean d. Pikasebeleun
25. latar paragraf ka 3 dina sempalan carpon diluhur nyaeta....
- a. imah b. Dek kapal c. Walungan d. Jalan
26. Picontoeun nu kagambar dina sempalan carpon di luhur nyaeta
- a. Unggal jalma kudu bisa nyanghareupan masalah, masalah kahirupan
 - b. .satiap aya masalah kudu ditinggalkeun
 - c. sakabeh jalma pasti boga *masalah* nu kudu dibereskeun
 - d. kudu ngajaga alam 1ingkungan urang
27. Hiji carita disebut carita pondok ditilik tina ...
- a. panjang caritana bisa dibaca kurang ti sajam, bagianana saeutik.
 - b. palakuna loba jeung konflikna rurnit
 - c. panjang caritana bisa dibaca kuran g ti sajam. peristiwana lumangsung lila
 - d. babagan loba , patempatan ilahar ngan salokasi

TARAWEH

Meunang Alzahra Pramika

Geus datang dei bulan puasa, kuring mah sok resep mun bulan puasa teh, ari waktuna puasa mah teu pati resep, da sok lapar. Komo mun tengan poe, peujit teh tangka murilit bakal ku lapar. Tikoro tuhur bahas hayang nginum. Awak lungse taya tanaga. Titingalia ge sok ranyay teu puguh.

Resepna mun waktu na buka. Sagala ngeunah rarasaan teh, nginum cai herang ge asa ngeunah pisan. Mun geus ngasaan mah boa jiga cai surga. (dicutat tina mangle alit)

28. Nu di caritakeun dina sempalan carpon di luhur nyaeta....
- a. Taraweh b. Puasa c. lalungse d. Hanaang
29. Kecap tuhur artina.....
- a. baseuh b. garing c. encer d. Kintel
30. kalimat anu nuduhkeun nikmatna dina ibadah puasa teh nyaeta....
- a. kuring mab sok resep mun bulan puasa téh.
 - b. ari waktuna puasa mah teu pati resep, da sok lapar
 - c. Komo mun tengan poe, peujit teh tangka murilit bakal ku lapar
 - d. resepna mun waktu buka, sagala oge ngeunah rarasaan téh.

Jalan- jalan ka Guha Pawon

Basa dinten Minggu abdi diajak jalan-jalan ka guha pawon ku teh Rinrin. Abdi mios ti rorompok naek motor tabuh 7 enjing enjing. Samemeh ka guha pawon ka musium heula ningalian tangkorak manusa purba, rupi- rupi pakakas tina batu. Di guha pawon abdi ningali gunung- gunung batu anu ngajegir. Seueur anu manjat tebing, salian ti ningalan kaendahan alam teh, abdi oge kenging pangaweruh perkawis kahirupan jaman purba.

31. Nu jadi jejer utama laporan kejadian diluhur nyaeta....
- a. Guha pawon c. Jalan- jalan ka guha pawon
 - b. Acara dinten minggu d. Ulin ka museum
32. Jalan- jalan ka guha pawon, urang bakal nyaho ngeunaah....
- a. Rupa- rupa pakakas tina batu c. Pangaweruh ngeunaan kahirupan jaman purba
 - b. Tangkorak manusa purba d. Museum nu aya di guha pawon
33. Kajadian anu kaalaman dina laporan diluhur nyaeta...
- a. Ningali rupa-rupa peninggalan jaman purba jeung kaendahan alam c. Aya nu manjat tebing
 - b. Naek motor ka guha pawon d. Set ka guha pawon

NGOJAY JEUNG LAUK DI CIBULAN

Hiji waktu kuring indit ka cibulan nganteur bi reni ti bandung. Unggal aya semah ti kota sok hayang wae menta dianteur ka cibulan. Kusabab cibulan mangrupa tempat wisata nu kakoncara. Cibulan teh perenahna di desa manis kidul, kecamatan jalaksana. Gampang didongkang na.boh make kendaraan umum atawa kandaraan pribadi. Nepi ka cibulan nempo lauk tinggudibeg dina balong. Lauk baradag , lauk kanera bodas anu kasohor lauk dewa tea lauk nu dianggap kramat. Ti bareto oge nepi ka ayeuna. Teu aya nu wani-wani ngala eta lauk, sabab ceunah sok aya matakna.

Ceuk carita rakyat didinya, era lauk teh tadi na mah ponggawa prabu siliwangi jaman karajaan pajajaran. Kusabab baha kanu jadi raja. Nya disupata jaradi lauk. Anehna upama balong na dikuras lauk teh ngariles, ngaraleungit duka kamarana, lamun balong na geus aya caian deui, lauk teh narembongan deui bari jeung jumlahna angger.

Di cibalong aya dua balong gede, ngarendeng. Kahiji balong anu jero, kadua balong anu deet. Hiji dei balong anu leutik anu aya tempat sosorodutan na. Tah dina balong anu deet eta abdi, dani jeung dona ngojay. Cai balong karasa tiis nyecep, ngojay babarengan jeung lauk anu baradag, lauk siga nu laindeuk.

34. Gagasan utama sempalan paragrap kahiji dina carita di lu hur nyaéta...,

- a. Ngojay jeung lauk di Cibulan
- b. ponggawa Prabu Siliwangi nu jadi lauk
- c. tempat nu ngaranna Cibulan
- d. di Cibulan aya balong nu digeugeub lauk karainat

35. Tujuan indit ka Cibulan lêh nyaéta

- a. hayang ngojay jeung lauk baradag
- b. nganteur Bi Réni ka tempt at wisata Cibulan
- c. ngadatangan tempat parawisata
- d. sukan-ssukan ulin unggal pae pere

36. Tempat nu di tuju ka Cibulan téh nyaétn

- a. pasar Cibulan
- b. terminal Cibulan
- c. balong di Cibulan
- d. Tempat jajan di cibulan

37. "Ku sabab baha ka nu jadi raja nya disupata, jaradi lauk." Kecap *baha* jeung *disupata* dina kalimah di luhur hartina...

- a. nurut – dibéla
- b. tunduk-dipikasieun
- c. ngalawan - dipikanyaah
- d. ngalawan – dikutuk

Hiji waktu bu guru nugaskeun kuring jeung babaturan sakelas. Pikeun praktek kaulinan urang lembur. Saeunggeus dibagi babaraha kelompok. Barudak mimiti babadamian perkelompok. Madungdengkeun kaulinan naon anu engke na rek dipintonkeun ka unggal kelompok tea.

Kabeneran kuring jeung babaturan rek mintonkeun kaulinan perepet jengkol. Mimiti nyobaan ngaitkeun suku tuluy ngancreg bari nguriling, teu poho dipirig ku kakawihan. Karak oge sakuriling nambru mantan kusabab aya babaturan nu kaleungitan kasaimbangan awak na. Barang gebru teh kabehanana seuseurian.

38. rasa anu kaalaman dina laporan kajadain diluhur nyaeta....

- a. lucu/pikaseurieun
- b. pikaseudiheun
- c. Bingung teu apal pilampaheun
- d. Piambikeun

39. "teu pobo di pirig ku kakawihan". Kecap kakawihan ngandung harti...

- a. Tatabeuhan
- b. Alat musik jeung kawih
- c. Pintonan lagu
- d. Lalaguan nu sok dikawihkeun mangsa keur ulin

40. Nu jadi pikiran utama paragraph ka hiji nyaeta....

- a. Tugas praktek kaulinan urang lembur
- b. Nyieun kelompok
- c. Perepet jengkol
- d. Ngabagi kelompok